Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 48 (7344)
22 ноябрь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

«РусГидро»

## В. Васильевасул Н. Шульгинилгун дандчIвай



I5 ноябралда Дагъистаналъул БетIер В. Васильев дандчIвана «РусГидро» ПАОялъул генералияв директор Николай Шульгингун. Гара-чIвариялда хабар ккана республикаялъул «РусГидро» компаниягун цадахъ рекъон хIалтIиялъул. Бицана I990 соназда рарал гIисинал ГЭСал хайиралльун хIалтIизариялъул, Унсоколо районалъул селевияб лъедаса цIуниялъул бакIал ран рагIалде рахъинариялъул. Гьединго дандчIваялъул рамкаялда жаниб бицана ГЭСал комплекснияб къагIидаялъ цIияб къагIидалде рачиналъул. Дагъистаналъул филиалалъе гьеб программа бихьизабун буго анцIго соналъе. Гьеб бухьараб буго гидроагрегатал хисиялда, «ЧIикIабГЭСстроялъул» къуват цIикIкIинабиялда, гьединабго ахIвал-хIал Миякьо ва Чирюрт ва цогидалги станциязда букIинабиялда.

«Нижеца хадуб хал ккун буго щибаб ГЭСалъул техническияб хIалалда ва нормаби цIуниялда хадуб кьварун хьаравуллъи чIезабун буго. «ЧIикIаб ГЭСстроялъул» оборудование хиси ва къачIай бищунго кIвар бугеб рахъ ккола программаялъул, нижеца гьелъие лъун буго I0 млрд. гъурущ. Программа кIудияб буго, амма нижеца гьеб рагIалде бахъинабизе буго,-ян лъазабуна Николай Шульгиница.

Дагъистаналъул БетIерас абуни жиндирго иргаялда бихьизабуна законалда рекъон гьел суалал тIураялъе кверчIвай гьабизе бугин. Гьелдаго цадахъ В. Васильевас кIвар буссинабуна Дагъистан кколин гидроэнергетикаялъул рахъалъ бечедаб ва гьелъул потенциал тIадегIанаб республика, гьелдасан рагIа-ракьанде щун пайдаги босун регионалъул экономика борхизабиялъе ресал ратизе кколин. «Ниж киналго гьираялда руго гьел ишал тIуразаризе. ГьединлЪидал дургун дандчIвайги кутакалда кIвар бугеб буго. ХIажат буго хайиралда, цере чIарал масъалаби тIуразаризе тIадчIун хIалтIулеб группа гIуцIизе. БукIинесеб кIочон тезе бегьуларо»,-ян бихьизабуна республикаялъул бетIерас.

Гьоркьоб лъураб суалалда рекъон хасаб хIалтIулаб группа гIуцIиялъе ва «дорожнияб карта» гьабиялъе хIукмуги гьабуна гьенибго.

Налогал

## Электронниял сервисаздасан пайда босизин

Дагъал церегIан къоязда налогал ракIариялъул хасаб къоги чIезабун районалда райадминистрациялъ Россиялъул РДялда бугеб ФНС МРИялъгун цадахъ гIуцIун рукIана гьел ракIариялъе бакIазде хьвадулел хасал группаби. Гьелда гьоркьоре унаан Унсоколо ва Гумбет районалъул Россиялъул районазда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъабиги. Аслияб мурад букIана буголъиялъул налогал ракIариялъе электронниял сервисаздаса пайда босиялда хурхун халкъалда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби.

Группаби щвана Рихьуни, Унсоколо росабалъе. Унсоколо группаялъ гьабуна 30 азбаралде щун хал гьариял, гIемераб налъи тIад бугел бетIергьабазулгун гьаруна бичIчIи кьеялъул хIалтIаби, гара-чIвариял, росдал администрациялде ахIана 5 налъулав.

Гьеб хIалтIул хIасилалда бакIаризе кIвана 32 азарго гъурущ буголъиялъул налог, цIикIкIараб налъи тIад бугезда лъазабуна бецIизе тIадаб букIин, бихьизабуна гьелъие заман. Гьабураб



гара-чIвариялъул хIасилалда налъулаз гьеб бецIизе бугин рагIи кьуна.

Щибал росабалъ ресал гIуцIун руго электронниял сервисаздасан имущественниял налогал рецIизе, гьединазе гьабулеб буго методикияб кумек.

Гьеб х1алт1и кодохъ босизе т1адаб буго росабазул администрациябазда ва жалго налъулазда.

Росдал магIишат

## ЦIикIкIараб кIвар кьеялда гьоркь

Дагъал церегIан къоязда букIана Дагъистаналъул «Меседилаб хаслихълъи»,-абураб аграрияб форум. Гьенив гIахьаллъана Правительствалъул председатель А. Здунов. Гьес лъай-хъвай гьабуна Дагъистаналъул росдал магIишаталъул продукциялъул экспозициялъул, гара-чIварана производство хIадурулелгун. А. Здуновасул рагIабазда рекъон: «Рагъулел руго цIиял гIи-боцIул фермаби, хIанчIазул фабрика, теплицаби, лъолел руго ахал, чIолеб буго цIолбол гьабу, росабазул инфраструктура лъикIлъиялъеги гIезегIанго хIалтIаби гьарулел руго». Гьенибго Здуновас тIадчIей гьабуна пихъ, бахчабазул культураби гIезариялде кIвар кьезе кколин.

КIалъазе вахъарав росдал магIишаталъул министр А. Абулмуслимовас бихьизабуна гьеб ишалъе бихьизабун бугин 2,I млрд. гъурущ, гьелъул федералияб бюджеталдасан бугин I млрд. 92I млн.

ЛъикI буго республикаялда бахчабазул культураби гIезариги. БакIалъул гIадамаздаса тIокIлъараб 500-600 тонна гьелъул бичула республика бахун къватIиб.

Форумалда кIвар буссинабуна хадурккунги росдал магIишат цебет1езабиялде республикаялда кидагосеб кIвар кьезе ккелде.



**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 48 (7344)*
*22 ноябрь 2018 сон*



Араб анкьалда Касписк шагьаралда букIана Дагъистаналъул БетIер В. Васильевасулги Татарстаналъул БетIер Р. Миннихановасулги дандчIвай. Гьез дандбана кIиябго регионалъул гьудуллъиялъулал ва цоцазе кумек гьабиялъул суалал. Гьел рукIине руго экономикиял, гIелмуялъул, техникиял ва культуриял.



# КIвахI гьечIев, ритIухъав, росдал бегавул



Гьедин абула Унсоколо районалъул ХъахIабросулъа МухIамадов МухIамадида. КIичI-кIичIарал нухалги нахъа тун щвана шагIир МахIмудил росулъе. Халичаялда рессарал расенал гIадин ругоан бакъ щоларелъуб биинчIого хутIарал, тIоцебесеб гIазул хутIелал. «Нижер гьаниб хасел октябрь моцIалъго байбихьулилан» бицана машинаялда цадахъ вукIарав хъахIабросулъес. ЦIадаса ХIамзатица кочIолъ рехсон букIараб «хъахIабросдал нусго гIечIеб рукъ» жакъа кIиго нухалдасаги данде цIикIкIун бугилан бицана росуцояз (268 хозяйство). Лъиего бальгояб жо гуро: ХъахIабросо гIадаб квачараб бакIалда, борхалъуда ругел росабазул гIадамал гIатIиракьалде, гIумру гьабизе бигьаяб бакIалде гочунел рукIин, гьелъул гIаксалда захIмалъабазе къуркьуларел, къо хIехьолел гIадамал руго МахIмудил росуцоял. Росулъ бугеб ахIвал-хIал лъазабизе мурадгун щвана росдал администрациялъул бетIерасухъе. Росдал гIадамазул гIумру ва магIишат аслияб къагIидаялда бараб букIуна бегавуласул хIалтIизе бугеб гьира-щавкъалда ва бажариялда.

ХъахIабросдал бегавул МухIамадов МухIамад гьавун вуго I963 соналъ. I983 соналда Буйнакскиялъул СПТУялда цIалун хадуб гьесие щола механизаторасул махщел, хъулухъ гьабун буго Советияб Армиялда ВДВялда. I985 соналъ хIалтIизе лъугьун вуго «Рихьуни ГЭС» балеб бакIалде слесарьлъун. Гьенив хIалтIун щвараб гIарацги данде рехун, дагь-дагькккун запчастал росун руго Японалъул «Комацу» бульдозералъе.Ункъго сон ун буго гьеб данде бакIарулаго (гьелъул цIайи буго 60 тонна). Мухьдахъ нухал рахьиялда хIалтIун щвараб гIарацги данде гьабун босун буго экскаватор (ковщ). Жеги «ЧIикIабГЭСстроялда» хIалтIулеб заманалдаго гьитIинав вацасгун цадахъ рагьун буго ООО «Салам». ГьабсагIаталда гьесулги вацасулги ихтиаралда буго жеги ДТ-75 бульдозер ва юк баччулеб ГАЗ-53 автомашинаги.

«Рихьуни ГЭСалда» хIалтIулев вугев росоцояв, Лабазанил вас МухIамадил бажари, лъай ва ритIухълъи лъикIго лъалеб ХъахIабросдал жамагIаталъ гьесда гьарана росдал администрациялъул бетIерлъиялде кандидатура лъеян ва 2003 соналъул 4 марталъ гьарурал рищиязул хIасилазда рекъон МухIамадида хадуб щулалъана росдал администрациялъул бетIерасул хъулухъ. Щибаб рищиялда цIидасанги вищун анцIила щуго соналъ тIатIалаго гьес тIубазабулеб буго росдал бегавуласул жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи. Йиго чIужу ва лъабго лъимал. ПатIиматица лъугIизабуна ДГМА, МуртазагIалил буго кIиго тIадегIанаб лъай: энергетик ва бургугьал роргьулев чи, АхIмад цIалулев вуго ДГУялъул юридическияб факультеталда.

<u>-МухIамад, 2003 соналъ тIоцебе сундасан дуца дурго хIалтIи байбихьараб? Дур хьаравуллъиялда гьоркь кинал идараби ругел росулъ?.</u>

-Байбихьилин кIиабилеб суалалдасан. Росулъ буго II7 цIалдохъан жанив цIалулеб гьоркьохъеб школа, спортивияб зал, 4I чиясе бакI бугеб лъимазул ах, медпункт, культураялъул рукъ, кIиго библиотека, пекарня, кIиго тукен, гьобо, кIиго КФХ ва ИП, цо ООО. Росулъ буго 268 хозяйство, гIумру гьабулеб буго 966 чияс. Администрациялде гьоркьобе уна анлъго хозяйство бугеб Бекьилъ росоги. Аслияб магIишат ккола: хурухъанлъи ва гIи-боцIухъанлъи. Бекьула бугIа, ниха, картошка, капуста, ламадур, чIегIераб гьоло. КIиго чияс гIезарулел руго наял. БакI ккун букIаго баркала къо бихьараб, хIалалаб магIишат гьабулеб бугеб хъахIабросулъезе. Дуцаго хIисаб гьабе: микьго моцIалъ жанир тун гIи-боцIи хьихьизе ккани кигIанисеб гьайин бихьулеб гIадамазда, гIицIго июнь моцIалъ гурони сагабазда хер цIилъуларо. Росдал бищунго унтараб суал буго токалда хурхараб: хасалил заманалда токалъул хIалакин (напражение) 80 кВталде щвезегIан гIодобе ккола. Щибаб соналъ пучдул ракизелъун гIадамаз цIулалги тIорччолги нахърател гьаризе ккола, гьеб абуни бигьаяб масъала гуро...Росулъ бан рагIалде бахъунеб буго цIияб, типалъулаб школа. БакI ккун букIаго баркала загьир гьабизе бокьун буго, «МугIрул» программаялде гьоркьобеги бачун, школа базе байбихьиялъе жидеца кумек гьабурал ШихгIамиров МутагIалимие ва ГIабдурахIманов ГIабдурахIмание, гьединго дирго ва жамагIаталъул рахьалдасан кIудияб баркала кьезе бокьун буго росдал хIажалъабазе жидерго кисинисан гIарац кьурал спонсорал МухIамадов МухIамадие ва ГIиса НурмухIамадовасеги.

ХIалтIизе лъугьараб соналъ жамагIаталъул данделъиги ахIун гьезул хIукмуялдалъун 40 сотых приусадебниял участкабазе ва гьединго гIолохъабазе минаби разе 4 сотых ракьазул кьеялдасан байбихьана дица хIалтIи гьабизе. Хадуб магIарда гIухьбузе ва администрациялъе кIи-кIи рукъзал рана. Гьалбал гIемер рачIунеб бакI букIин хIисабалдеги босун рагIа-ракьанде щун къачIана МахIмудил рукъ-музей.

ГIалахалда боцIуе гьекъезе 450 м лъим бачана. КIкIалахъ иххида цебе гьабуна кIиго щулальи (дамба). Дица дуе къокъго бицана 2003 соналъ гьарурал хIалтIабазул, щибаб соналъ гьарурал хIалтIабазул хьвай-хьвагIай буго гьаб папкаялда жаниб. Ма, бичIчIулареб жо бугони дидаги цIехе... Ахиралде щвезегIан сияхI цIалун хадуб дир пикру ккана 2004-20I8 соналги цолъизарун, ай анцIила щуго соналда жаниб росулъ гьарурал хIалтIабазул къокъго тартибалда хъвазе, гьел абуни цIакъ гIемерал руго. Масала, хабалазда сверун гьарун руго къадал, къачIан руго: пекарня ва росдал хIамам, хIухьлал рукъгун (парное) цадахъ, лъималазул ахалъул минаялда хвараб хисун цIияб хьарщи кьабун буго, цебесан къед бан (х.I5, б.I5 м) гIатIид гьабун буго росулъа бакIарараб гIалагьважа балеб бакI. «Зизахъ» абулеб бакIалда гьабун буго лол, къаси боцIи жанире сверизе, 50 метраялъул манзилалда ганчIил чалиги гьабун. Мегъ цIуниялъул мурадалда хIадур гьабун, бакI-бакIалда лъун буго анкьго чIемгIа. Риидал гIи-боцIи магIарде бачунелъул бекьараб мегъалъе зарал ккечIого букIине мегъалда цебесан нусго метраялда борхатаб къед гьабун буго. Бекьилъ росулъе лъим бачине росун кьун руго 600 м. пластмассалъул мащаби, «ГьабилкIкIал» абулеб бакIалда 160 метраялъул манзилалда бацIцIун буго лъел мухъ. Мажгиталда бухIараб токалъухъ жиндирго кисинисан кьун буго I8000 гъ. гIарац ва къачIан буго каки чурулеб бакI. ЖамагIаталъул тIолалго хурзал рекьулаго арал харжазул бащалъи жиндего тIаде босун буго бегавулас. Росулъ хвел ккедал кверкьолеб бакIалъе бан буго кIиго тIалаялъул мина, щибаб тIалаялъулги I98 кв.м гIатIилъи бугеб. Бекьилъ росулъе щвезегIан чабахги баччун къачIан буго щуго километраялъул манзилалда нух, хисун руго цо авалалда канализациялъе лъун рукIарал трубаби, къачIан буго иххица хвезабураб кIиго дамба. Жиндирго гIарцудалъун ва бакIал ралел сурсатаздалъун цIикIкIараб кумек гьабун буго авал мажгит бан рагIалде бахъинабизе. КъачIан буго цо авалалъул ицц. ГамачI ккун къачIан руго росдал къватIал, кинабниги 380 квадратияб метраялда. Жиндирго харжалдалъун анлъабилеб, анкьабилеб категориялъул кьуроги гIанлъун кIиго нухалъ къокъидаб нух бахъун буго «Бекьери» абулеб бакIалде, цебесеб нухалъул халалъи букIун буго анкьго километр. Росулъ I3 хIобода рекъезарун руго къаси мехалъ канлъи бихьизе прожектораль («кобраби»). Мажгиталъе босун кьун буго ункъго тонна цементалъул, росулъ тIадеги лъун буго 400 кВт къуват бугеб кIиго трансформатор. МахIмуд гьавуралдаса I40 сон тIубаялъул юбилей (20I3 с.) кIодо гьабун буго киналго харжалги росдал администрациялъ тIаде росун. Руччабазул гьариялда рекъон «ТагIанлъуб» абулеб бакIалда къоло ункъго квадратияб метраялда бетонги тIун гьабун буго паласал чурулеб хасаб бакI.

Унго-унголъунги гIажаибав бегавул! Щив чи кинаб мурадгун вачIаниги жиндицаго гIарац кьун яги спонсор валагьун гьезул мурадал тIуразаризе тIаделъулев вуго гьев. Росулъе ва гIалахалде лъим бачунаго кинабниги босун буго 9450 м. батIи-батIияб диаметраялъул пластмассалъул трубаби. ЦIиял авалазде ток бачунаго яги басралъарал хисун росдае босун буго 5600 м. токалъул кваразул. Цойги, руго росулъ гьарулел хIалтIаби щибаб соналъ такрарлъулел. Масала, щибаб соналъ спортивиял кьецалги тIоритIун росулъ кIодо гьабула «Оцбай» байрам, 9 май, кIалбиччан къо, мажгитазе хасало бухIизе босула ункъго тонна тIорччол. Кидаго лъикI цIаларал цIалдохъабазе кьола гIарцулал сайгъатал, лъагIалие цо нухалъ чара гьечIого лъималазда гьоркьоб гьабула: иман, ислам, ихIсан лъаялда хурхарал кьецал. Хасалил заманалда жиндирго бульдозералъ гIаздадаса рацIцIад гьарула росулъа къватIире унел нухал, кIкIабатI, хIарщалдаса рацIцIад гьарула гIалахалда ругел боцIи гьекъолел хIорал. Щибаб соналъ чабахги баччун къачIала росулъ жанир, рохьоре ва къватIире унел нухал. Гьединал, бокьарал росабаз мисал босизе бегьулел хIалтIаби гIемерал руго ХъахIабросулъ.

ДанчIвана росдал жамагIаталъул вакилзабигун: мажгиталъул имам Насибов Къурбаница, чIахIиязул Советалъул председатель МухIамадов Юнусица, депутат ХIасанов ХIасаница ва цогидазги цо кIалдисан гIадин абуна: МухIамад вуго кIвахI гьечIого хIалтIулев, кьураб рагIи кколев, ритIухълъи бокьулев, хьалиян бухIуларев, гIаракьи гьекъоларев, гIадатияв, гIенеккизеги кIолев, кIалъазеги лъалев лъикIав инсан. Ниж гIадин Аллагьги разилъаги гьесдаса,-ян букIана гьезул гьара-рахьи. ХIакъикъаталдаги бокьараб рецц-бакъалъе мустахIикъав бегавул вуго ХъахIабросдал. Хьизан, лъималазе кинав чи вугев МухIамадилан лъадуда гьикъидал «Рукъалъул хIалтIиги хIукуматалъул хъулухъги кIиябго рекъезабун бачине лъалев чи вуго»,-ян къокъаб жаваб кьуна ХIабиятица. Росоцоязухъ ва живго гьесухъ гIенеккидал бичIчIана: ГIагараб ракьалде бугеб рокьуца керен цIурав, камилав инсан вуго МухIамад-хIажи. ГIемерлъаги Дагъистаналда гьединал гIадамал!

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ,**
**«ХIакъикъаталъул» Унсоколо районалда вугев мухбир.**
**Сураталда: М. МухIамадов.**

# О повышении пенсионного возраста

## Решение о повышении пенсионного возраста принято окончательно.

3 октября 2018 года № 350-ФЗ Президент России Владимир Путин подписал закон «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам назначения и выплаты пенсий». Он направлен на поэтапное повышение пенсионного возраста, по достижению которого будет назначаться страховая пенсия по старости.

Законом закреплен общеустановленный пенсионный возраст 65 – для мужчин и 60 лет – женщин. Сейчас, соответственно, 60 и 55 лет. Повышение пенсионного возраста начнет действовать с 1 января 2019 года.

Повышение будет плавным: предусматривается длительный переходный период – с 2019 по 2028 года. Всего переходный период продлится 10 лет.

С 2028 году в возрасте 65 лет выйдут на пенсию мужчины 1963 г.р и женщины 1968 г.р в возрасте 60 лет.

### Женщины

| Год повышения | Год рождения | Возраст | Год назначений |
|---|---|---|---|
| 2019 | 1964 (I полугодие) | 55 лет 6 месяцев | 2019 (II полугодие) |
| | 1964 (II полугодие) | 55 лет 6 месяцев | 2020 (I полугодие) |
| 2020 | 1965 (I полугодие) | 56 лет 6 месяцев | 2021 (II полугодие) |
| | 1965 (II полугодие) | 56 лет 6 месяцев | 2022 (I полугодие) |
| 2021 | 1966 | 58 лет | 2024 |
| 2022 | 1967 | 59 лет | 2026 |
| 2023 | 1968 | 60 лет | 2028 |

### Мужчины

| Год повышения | Год рождения | Возраст | Год назначений |
|---|---|---|---|
| 2019 | 1959 (I полугодие) | 60 лет 6 месяцев | 2019 (II полугодие) |
| | 1959 (II полугодие) | 60 лет 6 месяцев | 2020 (I полугодие) |
| 2020 | 1960 (I полугодие) | 61 год 6 месяцев | 2021 (II полугодие) |
| | 1960 (II полугодие) | 61 год 6 месяцев | 2022 (I полугодие) |
| 2021 | 1961 | 63 года | 2024 |
| 2022 | 1962 | 64 года | 2026 |
| 2023 | 1963 | 65 лет | 2028 |

Для педагогических, медицинских и творческих работников досрочные пенсии сохраняются в полном объеме: ужесточения требований по специальному стажу не предусмотрено. Сам стаж сохраняется, но исходя из выхода на досрочную пенсию повышается на 5 лет, но с переходным периодом

Новый возраст выхода на пенсию будет исчисляться исходя из даты выработки специального стажа и приобретения права на досрочную пенсию.

Сейчас данным категориям работников необходимо выработать специальный стаж длительностью от 15 до 30 лет в зависимости от конкретной категории льготника.

Нынешние пенсионеры от принятого закона ничего не потеряют. Получатели пенсий по линии Пенсионного фонда России, как и ранее, будут получать все приобретенными пенсионными правами льготами.

Более того, повышение пенсионного возраста позволит обеспечить увеличение размера пенсий для неработающих пенсионеров – индексацию пенсий выше инфляции. Нынешние пенсионеры от индексации только выиграют.

**По возникшим вопросом можно обратиться в ГУ-ОПФР по РД в Унцукульском районе либо позвонить по номеру 55-63-49.**

**Начальник ГУ ОПФР по РД**
**В Унцукульском районе**
**Алисултанов А.Н.**

# Информация для получателей ежемесячных денежных выплат по оплате жилого помещения и коммунальных услуг

УСЗН в МО «Унцукульский район», сообщает об изменениях, внесенных, в порядок осуществления ежемесячной денежной выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг.

Правительством Республики Дагестан 16 июня 2016г. принято Постановление №171 «О внесении изменений в Порядок осуществления ежемесячной денежной выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг отдельным категориям граждан в Республике Дагестан». В соответствии с внесенными изменениями гражданам, имеющим право на компенсацию расходов на оплату жилого помещения и коммунальных услуг (инвалиды и семьи, имеющие детей-инвалидов; инвалиды войны; участники Великой Отечественной войны; ветераны боевых действий; лица, награжденные знаком «Жителю блокадного Ленинграда»; члены семей погибших (умерших) инвалидов войны, участников Великой Отечественной войны и ветеранов боевых действий; граждане, подвергшиеся радиационному воздействию вследствие ядерных испытаний на Семипалатинском полигоне (граждане, получившие суммарную (накопленную) эффективную дозу облучения, превышающую 25 сЗв (бэр)); граждане, получившие или перенесшие лучевую болезнь и другие заболевания, связанные с радиационным воздействием вследствие чернобыльской катастрофы или с работами по ликвидации последствий катастрофы на Чернобыльской АЭС и инвалиды вследствие чернобыльской катастрофы) (за исключением отдельных категорий граждан, работающих и проживающих в сельской местности и поселках городского типа) (далее - граждане , имеющие право на компенсацию), компенсация расходов рассчитывается с учетом объема мер социальной поддержки, установленного законодательными актами Российской Федерации, на основании сведений, подтверждающих фактически произведенные расходы на оплату жилых помещений и коммунальных услуг, но не более нормативов потребления, утверждаемых в установленном законодательством Российской Федерации порядке.

При отсутствии приборов учета компенсация расходов на оплату коммунальных услуг рассчитывается исходя из нормативов потребления коммунальных услуг, твержданемых в установленном законодательством Российской Федерации порядке. Коммунальных услуг гражданам, имеющим право на компенсацию, с учетом внесенных изменений будет осуществляться в форме предварительной (авансовой) выплаты по республиканским стандартам нормативной площади жилых помещений и нормативам потребления коммунальных услуг. Кроме того, гражданам, имеющим право на компенсацию, ежегодно в декабре будет производится перерасчет размера ежемесячной денежной выплаты за текущий календарный год с учетом полученной суммы ежемесячной денежной выплаты и сведений о фактически произведенных расходах на оплату жилых помещений и коммунальных услуг, представленных указанными гражданами либо поставщиками коммунальных услуг на основании заключаемых с ними органами социальной защиты населения соглашений о взаимодействии. В случае превышения суммы осуществленной ежемесячной денежной выплаты над суммой фактически произведенных расходов на оплату жилых помещений и коммунальных услуг производится перерасчет размера ежемесячной денежной выплаты в последующих периодах путем уменьшения ее размера.

В случае непредставления указанными гражданами либо поставщиками коммунальных услуг до 1 декабря сведений, подтверждающих фактически произведенные расходы на оплату жилых помещений и коммунальных услуг за текущий календарный год, осуществление ежемесячной денежной выплаты до представления указанных сведений им приостанавливается.

# ГIолохъанлъи

## ТIаса бищана гIадан хвасар гьави

### (Студентазул къоялде)



ГIабдулхIамидов МухIамаднур гьавуна I988 соналда ГIашилтIа росулъ. Школа лъугIана гIагараб росулъ.

Учительзабазул рагIабазда рекъон гьитIинаб заманалдаса нахъего ГIабдулхIамидов МухIамаднур вукIана бажари бугев цIалдохъан. Кидаго вукIана гIенеккулев, мисалияв вас. ЛъикI лъалаан киналго предметал, цIалулаан гIицIго лъикIал къиматазда, хIаракатаб гIахьаллъи гьабулаан школалда тIоритIулел тадбиразда. ВукIана классалъул активистлъун, ай вукIана школалдаго лъикIал цIалдохъабаздасан цояв.

2006 соналда росулъ школаги лъугIизабун гьев цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул академиялде, 20I0 соналдайин абуни цIали лъуг1ун хадуб лъугьана ТIоцебесеб Москваялъул пачалихъияб медицинаялъул И. М. Сеченовасул цIаралда бугеб университеталде. Гьениб 20I3-20I4 саназда МухIамаднурица лъугIизабуна А. В. Вишневскиясул цIаралда бугеб хирургиялъул институталда «Сердечно-сосудистая хирургия» специальностгун ординатура. 20I6-20I9 соналдайин абуни лъугIула гьебго институталъул кафедраялда аспирантураги.

Нилъер районалъул бищунго гIолохъанав гIалимчияс тIаса бищана бищунго захIматаб, амма ракьалда чиясе бищунго пайда кIудияб ва баркалаялъе мустахIикъаб махщел - гIадан хвасар гьави. Гьабсаг1аталда гIолохъанав специалист гIахьаллъула гIелмиял конференциязда. 20I7 соналъул май моцIалдаги МухIамаднур Прагаялда тIобитIраб гIелмияб конференциялда гIахьаллъана. ГьабсагIаталда М-Н. ГIабдулхIамидовас хъвалеб буго «Липопротеид(а) – на фактор развития осложнении у пациентов, переносящих открытое вмешательство в периферических артериях»,-абураб темаялда диссертация.

ГIелмияб хIалтIуда цадахъго унеб буго практикаги. МухIамаднурица кинабго къуват кьола гIадамал хвасар гьариялъе хIажалъулеб махщел щвалде щун лъазабиялде ва унго-унголъунги махщел тIокIав врачлъун вахьине, гIадамазе пайдаявлъун вукIине анищ буго гьесул. 20I9 соналъул октябралда диссертацияги цIунун гьесда ракIалда буго гIагараб ВатIаналде тIад вуссине. ВукIина Дагъистаналда цойги махщел тIадегIанав врач. Гьелдаса гIадамазул баркалаги Аллагьасул кириги кIудияб хIалтIи щибха бугеб?.

**Р. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

Дуда мунго лъалищ?

## Нилъ кьижун ругеб мехалда...

**(Кьижараб мехалъ нилъер организмалъул рахъалъ интересаб информация)**

22 сагIаталда. Бидулъ кIиго нухалъ цIикIкIуна лейкоцитазул къадар, черхалъул температура гIодобе ккола. Биологическиял сагIтаз сигнал кьола: кьижизе заман щванин.

23 сагIаталда – Черх кIванагIан сасун уна, амма щибаб клеткаялда лъалхъичIого унеб букIуна ругIалиде ккезариялъул процессал.

24 сагIаталда – ГIакълу-лъай кIванагIан ккола макьаби рихьияз, мозг хIалтIулеб букIуна, жинди-жиндир полкалда къойилаб информация лъолаго.

I сагIаталда. Макьу кутакалда цIодораб букIуна.

2 сагIаталда. Киналго органал хIалхьи гьабулел руго, гIицIго тIул хIалтIулеб буго унго-унголъун, гьелъ организм бацIцIад гьабулеб буго къад щварал шлаказдаса.

3 сагIаталда. ТIубанго физиологическияб гIодобе ккей буго, артериалияб давление ун буго гIодобе, пульс ва хIухьел цIай буго дагьаб.

4 сагIаталда. Мозгалде бачIуна дагьаб къадар би, макьидаса борчIизе гьеб хIадур гьечIо, цIодорлъи цIикIкIуна – дагьаб къадар шура-хъуриялъцин рорчIизарула.

5 сагIаталда. Ургьисалаби хIалхьиялда руго, чIор бал кьижун руго, обмен веществ загIиплъун буго, амма организм макьидаса борчIизе хIадурго буго.

6 сагIаталда. Гормоназде би кьабизе лъугьуна, организм макьидаса борчIизе хIадурго буго, кигIанго гIакълу-лъай кьижахъе букIаниги.

7 сагIаталда. Иммунияб системаялъул цIвабзазул сагIат, контрастнияб душалда гьоркье лъугьине бищунго абулеб заман. Гьеб мехалъ гьекъараб дару буго бищун лъикIаб.

Спорт

## Больше побед, вам!



В городском округе Чжэнчжоу провинции Хэнань КНР, в пятницу, 16 ноября состоялись профессиональные бои по ММА.

Здесь очередной раз наш земляк -Гаджимурад Абдулаев, уроженец с.Унцукуль Унцукульского района, одержал безоговорочную победу в бою с бразильцем, тем самым доказав свой статус чемпиона в версии ММА.

Поздравляем нашего земляка с такой блестящей победой. Уверены, что это не последнее твоё достижение в спортивной жизни.

Пусть спортивные результаты будут всегда отличными. Желаем в любой борьбе, в любом бою побеждать также ярко, красиво, уверенно и достойно! Пусть в жизни будет много таких праздников и заслуженных наград!

## Малъе, рахьдал мацI!

МагIарул мацIалъул ургъел бугев чи
КъанагIатти дида данде чIваларо,
Киве щвананиги щибаб бакIалда
Шурун бицунеб жо гIарцул букIуна.
Сверухъ лъугьунелде валагьулаго
Доб гIолилаб заман щола ракIалде,
ГIагараб мацIалда, ахIи-хIуралда
КъватIахъ расандулел бачIуна цебе.
ГIицIго ракIалде щвей гуро мацI кколеб
Гьелъулъ нилъер рухIги жанги букIуна,
Умумазул кьеркьей, гьезул иман-яхI
МацI кIочон танани, чорхолъа уна.
МагIарул мацI буго нилъер рухIгун-жан,
РухIияб бечелъи умумаз тараб,
Биччаге биххизе магIарул миллат
Малъе лъималазда, нилъер рахьдал мацI!
КIочене риччаге дов имам Шамил
МахIмудги, ЧIанкIаги, ГIалихIажияв,
ЦIадаса ХIамзатги, ХIамзатил Расул
Нилъер цIарги, цIаги, цIудул рорженги!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ.**
**Гъизилюрт шагьар.**

**ЛЪАЗАБИ**

I994 соналъул июнь моцIалда Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалъ ГIабдулаев Сайгидах1мад ХIасановичасул цIаралда къураб № 39794I бугеб тIубачIеб гIаммаб лъай кьеялъул аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 20. 11. 18 г. 16. 30 фактически -16. 40 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|